


Ассаламу гIалайкум!

# Ахихъан



Газета бахъизе байбихьана 1937 с. Унсоколо районалъул газета «Садовод» sadovoduns@yandex.ru

№ 8 (7200) 24 февраль АрбагI 2016 сон. Газета биччала моцIида жаниб 4 нухалъ. Багьа 7 гъурущ


## ВатIаналъул наслабилъун рукIа!



Щибаб соналъго нилъер кIудияб улкаялда Россиялъул гIадамаз рекIелъ кIудияб чIухIиялъул асаргун кIодо гьабула гъайбатаб праздник, ВатIан цIунулезул Къо – 23 февраль. Гьеб ккола нилъер пачалихъалъул тарихалъул хасаб праздник. Исана 98 сон тIубана нилъер Яргъилал къуватазул бахIарчияб тарих байбихьаралдаса.

ТIолго халкъалъул гьеб праздникалъул къо хурхараб буго нилъер бахIарчиял яргъилал къуватазул гIуцIиялъул тарихалда ва кIвар бугел лъугьа-бахъиназда.

БатIи-батIиял заманабазул ругъухъабазда гъваридаб асаралдалъун бичIчIулаан ВатIан цIунулезул ва жидерго ра гъулаб нухалъул кIвар.

КIудияб гIуцIи буголъиги, бахIарчилъиги, къей гьечIеб гьунарги бихьизабуна нилъер бахIарчияб Советияб халкъалъ ва гьелъул яргъилал къуватаз КIудияб ВатIанияб рагъул соназда фашистазул Германиялъ тIаде кIудияб къуват рехараб мехалъ. Гьеб рагъ лъугIана бергьенлъигун ва дунялалдаго бихьизабуна нилъер Яргъилал къуватазул къей гьечIолъи. Гьеб рагъда нилъер Яргъилал къуватаз тIобитIана стратегиялъулаб – 56, фронталъулаб-265 операция, гьабуна I000 кIудияб рагъ, рагъда БагIараб Армиялъ биххизабуна тушмансул 607 дивизия.

Жакъа Россиялъул Армия ва флот буго цебетIеялъул ва цIи гьабун гIуцIиялъул цIияб этапалда. Армия кидаго букIана ва букIине буго пачалихъалъул къолденлъун ва гучаб ярагълъун. Гьелъул къуват букIин жакъа гIемерисел улкабаз нилъеде рокьукълъи лъазабулеб мехалда жеги цIикIкIун кIвар бугеблъун ккола.

РакI-ракIалъ баркула районалъул тIолабго жамагIаталда гъайбатаб праздник – ВатIан цIунулезул къо. Сахлъи, рохел, талихI, битIккей гьарула щивасе хадубккун!

**М. НУРМУХIАМАДОВ.**
**«Унсоколо район» МОялъул бетIер**

## ХарачIи росдал гIолилазул форум

(Буйнакскиялда данделъана росуцоял)

**Араб анкьалда Унсоколо районалдаса Буйнакск, МахIачхъала ва цогидалги шагьаразде рахъун арал ХарачIи росдал гIадамалгун дандчIвана «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадов, ай гьеб букIана ХарачIи росдал гIолилазул форум. Тадбиралъул аслияб мурад букIана кир ругониги районалъул гIадамал цоцалъ гьунки, цолъи, гьезул цоцалъ гьудул-гьалмагълъи щулалъи. ХарачIи росулъ гьабсагIаталда хутIун буго чанго хозяйство, гьединлъидал тIобитIана тадбир Буйнакск шагьаралда.**



Гьенир гIахьаллъана «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадов, РДялъул бакIал рая лъул министерствалъул министрасул тIоцевесев зам., гьеб росулъ вахъарав ГIусманов МухIамад МухIамадсайгидович, Унсоколо районалъул имам ГъазимухIамад Абакаров, ХарачIи росдал бетIер М. МухIамадов, ансадерил гIолилазул ДРООялъул



пред. Ш. ГIабдулхIажиев, гIолилазулгун хIалтIи гьабулеб отделалъул нач. А. МухIастанов ва гь. ц. Данделъи рагьана ГI. НурмухIамадовас. Гьес бихьизабуна гьабсагIаталда гIадамазе хIинкъи бугин экстремизмалъулгун терроризмалъул, гьеб лъугIизабиялъе киназго бутIа лъезе кколин. Гьес гIолилал ахIана кинаб бугониги экстремизм-терроризмалъул хIинкъи бугеб иш лъани данде рахъине, гьеб иш лъугIизабизе кколин бихьизабуна, ахIана гIумро гьабиялъул сахаб къагIида букIинабиялде, унго-унгоял бусурбабилъун рукIине, обществалъе гIоло жавабчилъи бугеллъун рукIине.

-ГIумро гьабун цадахъ ругез нилъее чияраб политика бачине биччазе бегьуларо. Экстремизмги наркоманияго гIадин гIадан гуккулеб асар буго, гьеб кьолболъанго лъугIизабизеги ккола. Терроралъул мурад буго обществалда кьал бекьи, жидерго гIаданлъи тIагIарал мурадазе гIоло гIадамал пасат гьари,-ян бихьизабуна хадубги гьес.

Жиндирго кIалъаялда имам ГъазимухIамадица экстремизм-терроризмалъе динияб къимат кьуна, ай бихьизабуна исламалъе гьеб тIубанго чияраб политика кколин.

ДандчIваялда хеpeчIдерил гIолилаз бихьизабуна гьеб рахъалъ бичIчIи буголъи ва экстремизм-терроризм гIумроялъулъа лъугIизабизе кинабго гьабизе бугилан тIадчIей гьабуна.

Форумалъул кIиабилеб бутIаялда букIана волейбол хIаялъул турнир. Гьелъги росуцоял цолъизариялъе кIудияб асар гьабуна.

Форум гIуцIиялъе кверба къана росдал гIолилал МухIамад ИсхIакъовас, ГIабдула МухIамадовас, МухIамад МухIамадовас, АхIмад КъутIбудиновасги. Гьезул хIаракаталъе лъикIаб къимат кьуна районалъул нухмалъиялъ.

***Россиялъул социалияб страхованиялъул законалда рекъон щибаб санайилго г1адин соцстрахованиялдасан кьолеб гІарцул къадар исанаги тІаде цІикІкІинабун буго. Гьедин 20І6 соналъул І январалдаса нахъе МРОТалъул къадар бахун буго 6204 гъурущалде***



# Росабазул гІолилазул форум

Шамильхъала поселокалъул гьоркьохъеб школалда араб анкьалъ тІобитІана районалъул гІолилазул форум. Гьенир гІахьаллъана «Унсоколо район» МОялъул бетІерасул зам. С. АхІмадов, Шамильхъалаялъул школалъул директор Гъ-М. ГъазимухІамадов,



РДялъул гІолилазулгун хІалтІи гьабиялъул министерствалъул вакил М. Пабдулаев, Дагъистан рес публикаялъул жамгІияв хІалтІухъан М. Пабасов.

*(Ахир 4 гъумералда)*

## ВатІан цІунулезул къоялъ

Араб анкьалда Шамильхъала поселокалъул традиционнияб Централъул КІалгІаялда букІана ВатІан цІунулезул къо кІодо гьабиялъе тІобитІараб тадбир. Гьениб баркиялъул кІалъай гьабуна РДялъул Унсоколо районалда бугеб рагъулаб комиссариаталъул отделалъул нач. Шамиль МухІамадовас. Гьес абуна: -кІудияб разилъиялъул ва чІухІиялъул асаргун нилъеда ракІалде щола кодоб ярагъгун ВатІан цІунарал, рагъул заманаялъ рагъул майданалда ва тылалда бергъенлъи гІуцІарал ва жакъа нилъер парахалъи цІунун гІорхъода ругел. Даимаб рецц буго гьезие. ПакІ-ракІалъ баркула щивасда праздник, талихІ-рохел, нужее!

Хадуб букІана кІудияб праздникалъулаб концерт

*Экстремизм-терроризм*

## Росдал имамасулги цІалдохъабазулги дандчІвай

Дагъал црегІан къоязда ПашилтІа гьоркьохъеб школалда тІобитІана «Экстремизм-терроризм»,-абураб темаялда росдал имам Ризван-хІажиясулгун цІалдохъабазул дандчІвай.

Имамас лъималазда бицана вагъабистаз гІадамазда гьоркьоб кьал бекьиялъул. Гьес Къуръаналдаса сурабиги цІалун бичІчІизабуна цІалдохъабазда бацІцІадаб исламалда вагъабиязул рихьизариял данде кколарилан, баккулаго исламалъул цо течение бугониги, вагъабизмалъулъ ругин рагъуде ва кьалде ахІулел хасиятал. Гьелъул хасиятаздасан пайда босулеб бугин дунялалъулго гІадамал цоцалъ ра заризе хасал къуватаз. Бицана унго-унгояв бусурманчи кинав вукІине кколевалиги.

ЦІалдохъабаз имамасе кьуна гІемерал суалал. Гьезие жавабал кьолаго имамас тІадчІей гьабуна ДУМДалъул сайталдасан исламияб лъай босе,-ян. Гьединго Ризван-хІажица бихьизабуна умумаз къаси лъимал кир ругелали хал кквезе ккелин. Хасго гьаб заманаялъ квер тІаса босун лъимал тей битІараб гьечІилан бихьизабуна гьес.

Ахиралда пайда бугеб дандчІваялъухъ школалъул нухмалъиялъ баркала загьир гьабуна Ризван-хІажиясе ва бихьизабуна гьединал дандчІваял школалда хадурккунги т1орит1изе ругилан.

# Соцстрахованиялда - хиса-басиял



Россиялъул социалияб страхованиялъул законалда рекъон щибаб санайило соцстрахованиялдасан кьолеб гІарцул гьарула хиса-басиял. Улкаялда бугеб захІматаб хІалалъухъги балагьичІого исанаги гьаруна гьединалго хисабасиял.

І995 соналъул І9 маялда къватІибе бачІараб № 8І бугеб Федералияб законалъул 42 статьялда рекъон 20І6 соналъул І февралалда индексация гьабун буго хасал выплатабазул гьал хадусел размералги чІезарун:

-Лъимер гьабиялъул байбихьул заманаялъе – 58І,73;

- Лъимер гьабун хадуб кьолеб (подарочный) – І55І2,65 гъурущ.

*І5 сон базегІан лъимералда хадуб уход гьабун*

-тІоцебесеб лъимада хадуб – 2908,62;

- кІиабилеб лъимада хадуб – 58І7,24

-хвел букьизе – 5277,28;

МРОТ-20І6 соналъул І январалдаса нахъе – 6204 гъурущ.

Гьелдаго цадахъ тІоцебесеб иргаялда кІочене бегьуларо хІалтІулей йигей чІужугІаданалъе лъимадуца лъагІелгун бащдаб базегІан кьолеб гІарцул. Гьелъул хІисаб гьабизе ккола 40 проценталдасан. Гьеб тІадехун бихьизабураб ва пачалихъалъ чІезабураб къадаралдаса гьоркье букІине бегьуларо, ай кьезе ккола гьеб къадаралда.

Больничный листазул хІисаб гьабула гьоркьго букІараб куцалда, ай 730 къоялдасан. Гьоркьоре ккани унтун больницаялда ругел, лъимал хьихьулаго рокъор чІарал къоял, лъимаде йигеб заманги гьоркьоса бахъун хутІараб заманалда рикІкІуна больничный лист.

Ахирияб заманалда гІемер цІехолеб суаллъун лъугьун буго лъимералъ лъабго сон базегІан гІарац кьоларищ?,-абун. Гьелъие буго чІванкъотІараб жаваб: кьоларо. Эбелалъул ихтияр буго лъимералъ лъагІелгун бащдаб бараб мехалъ лъабго сон базегІан мухь гьечІеб отпуск босизе ва гьелдалъун страховияб стажги холаро. Гьединго лъимералъ лъагІелгун бащдаб базегІан отпуск босизе бегьула гьеб хьихьизе хІалтІулел ругел инсуца, кІудияй эбелалъ, кІудияв инсуца ва гь. ц.

Больничный лист къачІалеб мехалда цадахъ букІине ккола харжалъул хасаб справка. Гьениб тІад хъван букІине ккола кІиго лъагІалил харж, гьеб больничный лист кьуралдаса церехун соназул. Справкаялда кІиго лъагІалил харж хъвала батІа-батІаго, лъагІелккун. Справкаби хъвазе ккола І январалдаса 3І декабралде щвезегІан.

КІиго яги цІикІкІун хІалтІуда вугев гражданинасе больничниял хъвала батІа-батІаго. Амма гьеб хъвазе ккани чара гьечІого хІажалъула кІиго соналъул стаж. Гьеб гьечІони кІиабилеб хІалтІулеб бакІалдаса кьола хасаб справка № І82-Н ва гьениб букІараб харж тІаде жубала аслияб хІалтІулеб бакІалдасан щолеб харжалде ва цадахъго рикІкІуна.

Социалияб страхованиялъул Регионалияб отделениялъ цо къадаралъул хІалтІи гьабула гьединго инвалидазе хъулухъ гьабиялдаги, ай гьезие памперсал, коляскаби, матрасал ва гь. ц. реабилитациялъе хІажатал сурсатал (ТСР) щвезариялда хурхун. Гьелъул цІияб соналдаса чІезабураб хасаб низамги буго. Гьанже инвалидаз шагьаралде инчІого яги районалда вугев социалияб страхованиялъул фондалъул вакиласде аскІоре рачІинчІого МФЦялдасан тІубазе бегьула (госуслуга).

Гьединабго куцалда кьезе бегьула инвалидал-льготниказе путевка щвезеги документал МФЦялдасан. Гьел лъола хасаб электроннияб очередалда ва гьелда рекъон тадбиралги гьарула.

***М. САГІАБДУЛАЕВ.***
***Гумбет ва Унсоколо районазул РФялъул социалияб страхованиялъул Фондалъул вакиллъиялъул рахъалъ бетІерав специалист.***

# Рахьдал мацІалъул къоялъ



21 февралалда МахІачхъалаялда Авар театралъул КІалгІаялда кІодо гьабуна Халкъазда гьоркьосеб гІагараб мацІалъул къо. Тадбир буссараб букІана авар мацІ машгьур гьабиялде ва гьелъул моралияв тІабигІатал цІуниялде.

Тадбир берцинго тІобитІиялъе гьенир гІахьаллъана тІахьал рахъулеб издательства лъул, общественниялгун культуриял, диниял хІаракатчагІи, хъвадарухъабазул союзалъул вакилзаби.

Театралъул фоеялда рукІана тІахьазул, районазул газетазул выставкаби, видеоматериалал. Гьенир гІахьаллъана нилъер «Ахихъан» газеталъул редакцияги. Рихьизаруна ахираб заманалда рахъарал газетал. КІалъазе рахъарал магІарул районазул газетазул редактораз бихьизабуна авар мацІ цІуниялде цІикІкІараб кІвар кьезе хІажат бугин. Ахиралда жалго тадбиралда гІахьаллъараз авар мацІалда кьуна концерт, кІалъазе ра хъун цоцада баркана рахьдал мацІалъул къо. Гьенибго бихьизабулеб букІана ансадериил, гьоцІдерил, балхаразул махщалил выстав каби.

Ахиралда Авар театралъул артистаз бихьизабуна «Москвалдаса бахІарав»,-абураб спектакль.

**Дунялалъулго океаназул ва ралъадазул тIиналда бугеб чороклъиялъулги, гьениб гъанкъизабун бугеб техникаялъулги хIисаб гьабуни, гьениб рухIчIаголъиялъ гIумро гьабулеб ахIвал-хIал гьечIо. Гьедин гIадада холеб буго дунялалъулго гIемераб ччугIа.**



Дунялалъул байбихьулаб тарих

# Фернан Магеланил экспедиция

***I522 соналъул сентябралда Санлукар-де-Барамяда абулеб Испаниялъул гIорхъоде бачIана квешго хохораб гама. Ракъиялъ хIисаб тун хIалакълъарал, тIад бугеб ретIел тIутIу-хъухъурал, гIазабаз кIвекIарал гIадамал рештIана рагIаллъиялда, накаби гIодорги чIван гьел къочарулел рукIана гIагараб ракьалда.***



ТIад буссана «Виктория» абураб гама. I5I9 соналъул 20 сентябралда Испаниялъул гIорхъи нахъа тараб Фернан Магеланил цого-цо гьеб гама хутIана нахъе. Сапаралъ арал 265 чиясдасан нахъ руссана гIицIго I8 ралъдахъан.

Флотилия букIана щуго гIемер чIахIиял гурел гумуздасан гIуцIараб. Гьел кколаан «Тринидад», «Сан-Антонио», «Сантьяго», «Консепсион» ва «Виктория»; ун рукIана Южный Америкаялда бугеб пролив балагьизе, ай Испаниялдаса бечедал улкабазде – Индиялде ва гьуинлъабазул цIураб чIинкIиллъи Индонезия балагьизе.




Атлантика лъедон нахъа толаго Магеланица хIалтIизабулаан жидецаго хIадурараб сигнализациялъул система ва батIи-батIиял типазул гIисинал гуми гьесдаса цониги ратIалъичIо. Гьеб соналъул декабралда гьев гIунтIана Ла-Платыялде, моцIгIан заманаялъ цIехрех гьабуна заливалъул, амма югалъулаб рахъалъул ралъдалъе нух батичIо.

Гьелъул бакIалда Магеланида бихьана Ла-Платыя гIоралъул рагIаракьан гьечIолъи. РикIкIаде югалдехун лъеданагIан цIоролебги букIана дунял.

Магеланица Сан-Хулианалда хасел тIамизе пикру гьабуна. Нахъисеб сордоялъго гьениб восстание багъарана: щугоялъул лъабго гама хIалтIизабизе кIвеялдаса ана. Мятежалъ рахъарал капитаназ тIалаб гьабулеб букIана Магелан Испаниялде тIад вуссине, амма гьесда мятеж гIодоб чIвазабизе кIвана.

I520 соналъул августалда Магеланица разведкаялъ битIана бищунго гьитIинаб гама «Сантьяго». Гьеб хвана, тIад рукIарал гIадамал талихIалъ чIаго хутIана. Гьедин лъикIлъи ккунгутIиялда ракI ч1арав Магеланица хасел тIамизе ракIалда букIараб бакI тана ва кIиго моцIидасан щвана кIиябго рахъалъ кьурабаз ккураб, проливалдаго релъинчIеб къваридаб бакIалде. Гьенире рит1арал разведчикал нахъ руссана пролив батанилан.

I520 соналъул 2I октябралда флотилия гьенибе жанибе лъугьуна, къваридал бакIаздасан гьел рачIуна жеги рагIичIеб алжан батизегIан. Гьенир гьезда ратула бакъукь ва гIодобе биччаялъулъ лъедолел лъедахъаби. Магеланица гьелда цIар тола Тихий океан,- абун.

Живго Магелание рокъове тIад вуссине хъван букIун гьечIо – бахIарчияв адмирал чIвала хадуб Филлипинский абун цIар тараб чIинкIиллъиялда правителазулгун ккараб тунка-хIусиялда. Ахиркъадги гIемерал захIматал лъугьа-бахъиналдаса хадуб «Виктория» щола гIагараб гIорхъоде.

Гьедин лъугIана дунял сверун тIоцебе гьабураб, гIелмуялъе цIакъго кIудияб кIвар бугеб сапар. Ракь сверун сапарги гьабун Магеланил экспедициялъ чIезабуна Ракь – шар гIадаб гургинаб букIин.

Магеланил къисматалъул, гьесул бахIарчилъиялъул бицун буго С. Цвайгал «Магелан»,-абураб романалда.

Страхователям

# Введена новая форма отчетности в ПФР




Федеральным законом от 29.12.2015 г. № 385-ФЗ «О приостановлении действия отдельных положений законодательных актов Российской Федерации, внесении изменений в отдельные законодательные акты Российской Федерации и особенностях увеличения страховой пенсии, фиксированной выплаты к страховой пенсии и социальных пенсий» **с1 апреля 2016 года** вводится для страхователей новая форма отчетности в ПФР.

Страхователь ежемесячно **не позднее 10-го числа месяца**, следующего за отчетным периодом – месяцем, представляет о каждом работающем у него застрахованном лице (включая лиц, которые заключили договора гражданско-правового характера, на вознаграждения по которым в соответствии с законодательством Российской Федерации о страховых взносах начисляются страховые взносы) следующие сведения:

- 1) Страховой номер индивидуального лицевого счета;
- 2) Фамилию, имя, отчество;
- 3) Идентификационный номер налогоплательщика.
- С учетом выходных (праздничных) дней первую отчетность необходимо представить **не позднее 10 мая 2016 года.**

За непредставление страхователем в установленный срок либо представление им неполных и (или) недостоверных сведений, к такому страхователю применяются финансовые санкции **в размере 500 рублей** в отношении каждого застрахованного лица.

Взыскание указанной суммы производится органами Пенсионного фонда Российской Федерации в порядке, аналогичном порядку, установленным статьями 19 и 20 Федерального закона от 24.07.2009г. № 212-ФЗ «О страховых взносах в Пенсионный фонд Российской Федерации, Фонд социального страхования Российской Федерации, Федеральный фонд обязательного медицинского страхования».

# ВЫЙДИ ИЗ ОЧЕРЕДИ!

В рамках реализации Федерального закона от 27 июля 2010 года № 210-ФЗ «Об организации предоставления государственных и муниципальных услуг» МРЭО ГИБДД МВД по Республике Дагестан (дислокация г. Буйнакск) оказывает следующие государственные услуги:

прием квалификационных экзаменов на получение права на управление автомототранспортными средствами и выдача водительских удостоверений;

регистрация автомототранспортных средств и прицепов к ним;

Во избежание очередей и экономии времени МРЭО ГИБДД МВД по Республике Дагестан (дислокация г. Буйнакск) предлагает обращаться для получения соответствующей услуги через портал государственных услуг www.gosuslugi.ru.



Использование данного Интернет-портала позволяет гражданину упростить порядок обращения в государственные органы, в частности в МРЭО ГИБДД. Для этого необходимо сначала зарегистрироваться на сайте, указав при этом личные данные, в том числе серию и номер паспорта, ИНН и т.д. Вся указываемая информация сверяется с базами данных соответствующих ведомств.

После регистрации, в течение 2 – 3 недель, на указанный домашний адрес будет выслано письмо, содержащее специальный код, введение которого подтвердит подлинность предоставленных персональных данных. Пройдя такую регистрацию (следует сделать это заранее), можно пользоваться порталом. Так же для упрощения порядка регистрации на портале государственных услуг возможно обратиться в Многофункциональный центр предоставления государственных услуг (МФЦ).

Все дальнейшие действия осуществляются через «Личный кабинет». В нём Вы выбираете вид нужной Вам государственной услуги (регистрация транспорта, выдача/обмен водительского удостоверения), заполняете предложенную форму, указываете свой контактный телефон.

После рассмотрения Вашего заявления о предоставлении государственной услуги, Вы будете уведомлены о времени и дате приема документов.

При обработке документов, представленных в электронном виде, сотрудник обязан направить заявителю соответствующее уведомление. В случае неявки заявителя в установленное время, срок его ожидания составляет не более 30 минут, по истечении которых прием и оформление документов осуществляется в общем порядке.

В целях совершенствования работы регистрационно-экзаменационных подразделений, в ближайшее время в МРЭО ГИБДД МВД по Республике Дагестан (дислокация г. Буйнакск) будет установлена система управления электронной очередью.

***Коллектив МРЭО ГИБДД МВД по Республике Дагестан (дислокация г. Буйнакск).***

# Росабазул гIолилазул форум




Форум унеб букIана семиналъул къагIидаялъ ва гьенир дандрана гIемерал гIолилазда ва социалиял захIмалъабазда хурхарал суалал. Гьел рукIана хIалтIи гьечIолъиялда, гIолилазе спорталъе шартIал гьечIолъиялда ва цогидаздаги хурхарал. Данделъиялда гIахьаллъана района лъул росабазул гIолилал. Гьез нухмалъулезда цере лъуна жидерго росабалъ ругел тIурачIого рес гьечIел социалиял рахъалги. Форумалда гьел захIмалъабазе гIиллаби ралагьана ва лъугIизаризе нухал рихьизаруна.

Гьединал форумал унел руго киса-кирего районалъул росабалъги.

## Инхоса ГIалихIажиясул гIакъилал жугьаби

Чияр аманат-ругьел ригьдаго тIубазабе,
БетIер бугев гьечIевги гьелъги ватIа гьавулин.
ТIад къараб хIалтIиялде хIурмат цIунун балагье
ХIисаб гьабулеб къоялъ къолевин, мискин, мунго.
* * *
Дуде мугъчIван вачIарав, чIового нахъ къотIуге
КъабихIаб гIамал букIин, гIадамаз цIакъ какулин.
* * *
ХIалихьатав инсул ясги ячунге,
Къалда вагъуларев вас гьавулевин.
Ябудалъан лъалъвараб чуги рекIунге,
Халатаб сапаралъ къо хIехьоларин.
* * *
Тушмангун кьварун вукIа, къалда лъалин багъадур,
Кьибилгун хIерен вукIа, хIал бихьулин черхалъул.
* * *
Нилъер чи чинква вугин-чучуге ккараб бакIалъ,
Чияр чи курак вугин – каранзул хIал бикьуге.
* * *
Цоцаде тIаде щведал тIутIун балеб гIагарлъи,
ТIад гурделъун ретIине гIакъил разилъиларо.
Анкьил рокьи – микьил рагъ дида лъалеб жо гуро
Цо хIал гьечIеб гьудуллъи даимлъулеб мулк гуро.
* * *
Халкъалъул тавбуялда дун тамашалъуларо,
Тарал квешал гIамалал дидаго рихьизегIан.
Барщаразул ракълида дунго къабуллъуларо,
Къадарал гIамалал тун, дидаго ратизегIан.
* * *
Лъураб бугьтан рихун хвезе вахъунге,
Пихъ гьечIеб гьотIода тIил речIчIуларин.
ТIадагьаб къавмалъул къил-квал цIехоге,
Щамул гьирал рецIцIун гьоцIо кьоларин.
* * *
Къуваталда ракI чIун къеркьезе лъалъунге,
Лъалъар бугин къоязда къвалакь тункулеб.
КъабихIлъун чи вихьун, чIухIи гьабуге,
ХIинкъарасул зарин зазгIан бегIераб.
* * *
Унеб буго дур гIумро, хьонда ботIил чIор гIадин,
Толеб буго дуниял, юргъа чуялъ нух гIадин.
* * *
Къваридаб хIал чучун чвахизе гурищ
Чорхол магIна лъалес магIу цIунулеб,
МугIрул гьаргьадулел балагь щваразе,
Бигьаяб дарулъун лъалъун буго гIоди.
* * *
Хвалчабазул балал беццал жал руго,
Реццалъе рекъарал лугбал къотIулел.
* * *
Гьирие гIорцIен хьихье,
Рахьдае гIака бечIчIе.

*Пайдаял малъиял*

## ЦIулакьо – квен ва дару



ЦIулакьодул рекIелъ цIикIкIараб къадаралда рукIуна белок, беэнлъи, В, С ва Р витаминал, маххул, кобальталъул ва цогидалги цIамал. Гьеб лъикIаб дарулъун ккола чорхолъ витаминал гIунгутIиялъ загьирлъулел унтаби лъугIизариялъе. Гьелъ квербакъула загIиплъараб черх щулалъизабиялъеги.

## Фарс цIулакьо

Гьелъулъ букIуна 70 процент нахул, I6 процент белокгун аминокислотаби, щуго проценталде щвезегIан гьуинлъи (сахароза) ва гьединго В ва Е витаминал, цIамал. Фарс цIулакьо бищунго лъикIаб дарулъун ккола нервабазул унтабазде данде.

## Арахис

Гьелда жаниб данделъун рукIуна аслияв кванил нигIматал. Аминокислотабазул гIуцIиялъул рахьалъ гIагарлъула гьанаде ва соялде. Арахисалъулъ букIуна 40-60 процент белокалъул.

## Кедр

Кедралъул цIулакьодулъ букIуна миндалалъулалда релъараб беэнлъиялъул 30 процент, белок, крахмал, А, В, Е, витаминал, фосфоралъул цIамал, микроэлементал (марганец, пахь, цинк, йод). Кедралъул цIулакьо рикIкIуна гIумро халалъиялъул кьучIлъун.

## Гаджиева Халимат Магомедовна



13 февраля после тяжелой болезни ушла из жизни Гаджиева Халимат Магомедовна. Родные, коллеги, друзья и учащиеся – все мы до сих пор не можем поверить в то, что ее больше нет рядом с нами.

Все, кто хорошо знал Халимат Магомедовну, ценят ее за высокий профессионализм, преданность учительскому делу, это педагог с большим стажем и большими заслугами, влюбленный в свой предмет. Халимат Магомедовна была и остается примером служения своей профессии, которой отдала более тридцати лет своей жизни. Ее творческий подход к преподаванию, педагогический такт в общении с учениками для многих являлся образцом.

Всю свою жизнь Халимат Магомедовна посвятила воспитанию и обучению подрастающего поколения, внесла свой вклад в развитие образования района и села.

От личности самой Халимат Магомедовны, от ее педагогического мастерства и мудрости зависело будущее ее учеников.

Она всегда пользовалась большим авторитетом среди коллег, родителей и учащихся. Ее всегда отличали доброжелательность и человечность, добросовестность и порядочность, большое трудолюбие, безграничное желание помочь людям в трудной ситуации.

Чутко и верно, щедро и умело она вводила детей в увлекательный мир знаний, учила видеть добро в людях, воспитывала в них лучшие чувства и ценности.

Халимат Магомедовна была из тех людей, кто обладает талантом любить мир и людей.

Она обладала редкими личностными и душевными качествами. Это был светлый, добрый, талантливый человек: собрала и создала кабинет истории Дагестана, разработала пособие для учащихся по Истории Дагестана. Ее учащиеся почти каждый год становились победителями муниципального этапа олимпиады по Истории Дагестана и английскому языку и призерами Республиканской олимпиады. Под ее умелым руководством в школе был создан уголок боевой славы. Собрала большой краеведческий материал и экспонаты об истории нашего села.

Она была очень скромным человеком. Ей никогда не нужны были никакие награды за ее труды. О таких людях в народе говорят: самородок. Сколько добра она делала близким! Как ее любили и ценили при жизни. С ее уходом мы потеряли частичку себя. Она осталась в наших сердцах.

Халимат Магомедовна ушла по воле случая, не прося ни у кого помощи и защиты. Перед кончиной думала о сыновьях и близких. Всё всем простила.

Прости и нас за то, что не смогли помочь! Всегда будем, помнит тебя такой, какой ты была. Глубоко скорбим и соболезнуем родным и близким.

Вся учительская общественность и не одно поколение выпускников сохранит в памяти образ педагога-наставника, Учителя с большой буквы ***Гаджиевой Халимат Магомедовны.***

***Тебя уж нет, а мы не верим,***
***В душе у нас ты навсегда.***
***И боль свою от той потери***
***Не излечит нам никогда!***


| Газета основана 1937 г. | Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД | Адрес редакции: | Адрес издателя: |
|---|---|---|---|
| УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района | Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г. | 51373 Унцукульский район с. Унцукуль ул. Мустафаева 28 | г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21 |
| Главный редактор Саният КЕБЕДМАГОМЕДОВА | Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. | Телефон редактора 55-63-07 sadovoduns@yandex.ru | Подписано в печать 23.02.16г. 17.20 фактически -19. 30 мин. ........................................ Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках Тираж - 1400 экз. |